



Kesyon yo Poze Souvan

Kesyon yo Poze Souvan Apre Koneksyon



Kesyon yo Poze Souvan

Pwofil Kont	4
1.1 <i>Ki chan ki obligatwa nan pwofil kont mwen an? A ki sa enfòmasyon sa a sèvi?</i>	4
Otantifikasyon Dezyèm Faktè	5
1.2 <i>Kisa ki metòd otantifikasyon dezyèm faktè a?</i>	5
Preferans Lang	5
1.3 <i>Kòman m ka Chanje Preferans Lang mwen?</i>	5
Mesajri Dirèk	6
1.4 <i>Ki sa mesajri dirèk la?</i>	6
1.5 <i>Kòman yo entegre mesajri Dirèk nan Florida Health Connect™?</i>	6
Modpas / Non itilizatè	6
1.6 <i>Mwen blye modpas mwen. Kòman m ka reyinisyalye l?</i>	7
1.7 <i>Mwen blye non itilizatè m. Kòman m ka rekipere l?</i>	9
Fòmasyon Pasyan	9
1.8 <i>Ki itilite chan rechèch Fòmasyon Pasyan an?</i>	9
1.9 <i>Kòman dokiman sou Fòmasyon Pasyan an ye?</i>	10
Init Mezi	11
1.10 <i>Kòman m ka chanje paramèt init mezi yo (wotè/longè, pwa, ak tanperati)?</i>	11
Gadjèt Meteyo	11
1.11 <i>Ki jewografi nou itilize pou gadjèt meteyo a?</i>	11
Ba Navigasyon	11
1.12 <i>Ki tout gadjèt sa yo ki sou bò dwat ba navigasyon kont Florida Health Connect™ mwen an?</i>	11
Tablo d Bò m	11
1.13 <i>Ki itilite Tablo de Bò M nan?</i>	11
1.14 <i>Kòman m ka jere Tablo de Bò M nan? Mwen pa ka jwenn gadjèt mwen.</i>	12
Pwofil Sante	13
1.15 <i>Ki itilite Pwofil Sante a?</i>	13
1.16 <i>Ki diferan bagay mwen kapab fè avèk fichye sante m yo?</i>	13
Fichye Sante M	13
1.17 <i>Ki itilite Fichye Sante M nan?</i>	13
Mesaj Mwen	14
1.18 <i>Ki itilite Mesaj Mwen?</i>	14
Imel Pèsonèl	14
1.19 <i>Kòman m ka voye mesaj bay kont imel pèsonèl mwen sou Florida Health Connect?</i>	14
Kontak	15



Kesyon yo Poze Souvan

1.20	Èske m ka enpòte kontak kont imel pèsonèl mwen yo voye yo sou kont Florida Health Connect mwen?	15
1.21	Ki sa sa vle di lè yon mesaj "Trete" epi/oswa "Livre"?.....	15
1.22	Kòman m ka netwaye Bwat Resepsyon Mesaj Mwen?	16
Randevou Mwen	16
1.23	Ki itilite Randevou Mwen?.....	16
1.24	Kòman m ka ajoute randevou nan kalandriye m nan Florida Health Connect?.....	17
Tach	18
1.25	Ki itilite Tach?.....	18
1.26	Kòman m ka ajoute Bagay pou Fè nan kalandriye m nan Florida Health Connect?	18
Aplikasyon M ak Aparèy Mwen	19
1.27	Ki itilite Aplikasyon M ak Aparèy Mwen?	19
FITBIT® Platform	19
1.28	Kòman m ka etabli koneksyon kont FITBIT® mwen an?	19
1.29	Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon sou fonksyonalite FITBIT® la?.....	21
Istorik	21
1.30	Ki itilite Istorik la?	21
1.31	Ki itilite onglè Istorik la?.....	21



Kesyon yo Poze Souvan

Pwofil Kont

1.1 Ki chan ki obligatwa nan pwofil kont mwen an? A ki sa enfòmasyon sa a sèvi?

Ou itilize chan sa yo pou w antre sou kont Florida Health Connect a:

- Non Itilizatè – Non pou w konekte sou kont ou an
- Modpas – Yon mezi sekirite ki asosye ak non itilizatè w la ki pèmèt ou konekte Florida Health Connect.
- Otantifikasiyon dezyèm faktè – Mezi sekirite pèsonèl ki mande pou w itilize yon kont oswa yon aparèy ou kontwòle pou konfime idantite w.

Se yon sèl chan ki sèvi nan fonksyon Mesaj Mwen yo epi li soti nan Non Itilizatè w la:

- Adrès imel sekirize – Sèvi pou voye/resevwa imel sekirize ant ou menm ak pwofesyonèl swen w.

Lòt chan demografik obligatwa yo sèvi pou ranpli fòm dokiman otomatikman (Clinical Care Document Architecture (CCDA), Florida Health Connect pwodui, ou kapab voye bay pwofesyonèl swen w tankou:

- Non Fanmi
- Prenon
- Dat Nesans
- Sèks

Remak: Chan kòd postal la pa obligatwa, li sèvi pou defini afichaj gadjèt meteyo ki bay tanperati ak lameteyo. Se poutèt sa, si ou kite chan an vid, okenn enfòmasyon gadjèt meteyo p ap afiche.

Prefiks	<input type="text"/>	Ras	<input type="text"/>
Prenon	<input type="text"/> LUIS	Etnisite	<input type="text"/>
Premye Prenon	<input type="text"/>	Lang Prefere	<input type="text"/>
Non Fanmi	<input type="text"/> SUAREZ	Telefòn Rezidans	<input type="text"/>
Non Avan	<input type="text"/>	Telefòn Mobil	<input type="text"/> (508)336-1234
Sifiks	<input type="text"/>	Telefòn Travay	<input type="text"/>
Dat Nesans	<input type="text"/> 09/06/1962	Imel	<input type="text"/> ashley.george@medicasoftllc.com
Sèks	<input type="radio"/> Gason <input type="radio"/> Fi	Adrès	<input type="text"/> 123 Main Street
Sèks nan Moman Nesans	<input type="radio"/> Gason <input type="radio"/> Fi	Vil	<input type="text"/>
Konte	<input type="text"/>	Eta Etazini	<input type="text"/> FL <input type="text"/> ZG <input type="text" value="32305"/> <input type="text"/>
NRM	<input type="text"/>		



Kesyon yo Poze Souvan

Otantifikasiyon Dezyèm Faktè

1.2 Kisa ki metòd otantifikasiyon dezyèm faktè a?

Pwofil Itilizatè

The screenshot shows a form with several input fields. At the bottom, there is a section labeled 'Metòd otantifikasiyon dezyèm faktè' containing three buttons: 'Okenn' (Submit), 'Imel' (Email), and 'SMS'. The 'SMS' button is highlighted with a red rectangle.

Non itilizatè	LuisHealth
Adrès imel sekirize	LuisHealth <input type="text"/> @ direct.fdh.medicsoft.us
Modpas	<input type="text"/>
Retape Modpas la	<input type="text"/>
Kont Otantifikasiyon Google	<input type="text"/>
Metòd otantifikasiyon dezyèm faktè	<input type="button" value="Okenn"/> <input type="button" value="Imel"/> <input type="button" value="SMS"/>

Otantifikasiyon dezyèm faktè se yon mezi sekirite pèsonèl ki mande pou ou itilize yon kont segondè oswa yon aparèy ou kontwòle pou konfime idantite w. Opsyon Pwofil Itilizatè a pèmèt ou seleksyone 'imel' oswa 'SMS' kòm mwayen otantifikasiyon dezyèm faktè. Lè ou seleksyone yon 'imel' oswa yon 'SMS', chak fwa ou eseye konekte sou Florida Health Connect, w ap resevwa yon kòd inik ou ka itilize yon sèl fwa sou adrès imel pèsonèl ou oswa sou aparèy mobil ou. Ou dwe antre kòd sa a pou w antre sou kont ou an.

Preferans Lang

1.3 Kòman m ka Chanje Preferans Lang mwen?

Florida Health Connect ap disponib pou ou nan twa (3) lang diferan – Anglè, Panyòl ak Kreyòl Ayisyen. Lang prefere w la k ap afiche sou pwofil la, si pa gen lòt ki make, se ap lang prefere ki parèt sou premye CCD a, yon notifikasyon HMS.

Si ou ta renmen chanje lang prefere w la, ale nan kwen dwat anlè ekran an epi klike sou "Paramèt". W ap wè "Lang Entèfas Prefere" parèt nan pati anba ekran ki parèt la ansanm ak yon lis k ap dewoule. Tanpri chwazi lang prefere w la epi klike sou "Anrejistre".



Kesyon yo Poze Souvan

Paramèt

Inite mezi pefere
 Notifikasyon
 Resepsyon mesaj
 Gadjet
 Modil
 Kategori Pwofil Sante
 Randevou mwen
 Tach

Lang entèfas prefere

Fèmen

Mesajri Dirèk

1.4 Ki sa mesajri dirèk la?

Mesajri Dirèk se yon mwayen pou voye enfòmasyon sante kode bay moun ou konnen ak moun ou fè konfyans dirèkteman an tout sekirite sou entènèt.

W ap jwenn adrès mesajri Dirèk ou a nan Pwofil Itilizatè w la nan “adrès imel Sekirize”. Ou kapab pataje adrès sa a ak pwofesyonèl swen ou pou yo voye mesaj Dirèk sou kont Florida Health Connect ou an tout sekirite. Se sistèm Florida Health Connect la ki kreye adrès sa a, li pa ka modifye.

Nan kwen dwat anlè a, w ap wè prenon w afiche ak yon flèch ki bay tèt li anba. Klike sou non ou epi chwazi “Pwofil Mwen”. Adrès imel sekirize w la ap afiche nan mwatye ekran anlè a.

Pwofil Itilizatè

Non Itilizatè LuisHealth

Adrès imel sekirize LuisHealth @ direct.fdh.medicsoft.us

1.5 Kòman yo entegre mesajri Dirèk nan Florida Health Connect™?

Mesajri Dirèk se fòm mesajri nou itilize nan fonksyon Mesaj Mwen nan Florida Health Connect. Se fason sa a ou kapab kominike ak pwofesyonèl swen ou an tout sekirite. Mesajri Dirèk la se mwayen kle pou ou to voye ak resevwa mesaj sou kont ou nan Florida Health Connect.

Modpas / Non itilizatè



Kesyon yo Poze Souvan

1.6 Mwen blyie modpas mwen. Kòman m ka reyinisyalye l?

Florida Health Connect
Your Personal Health Information Manager

Manage your health information from all providers in one location. Share your information with caregivers and family members. Communicate securely with your doctors.

Sign in with Google

Activate Account

Forgot password? | Forgot username?

Login

Medical Records

Personal Trackers


Messages

Dashboard


Contact us FAQs Privacy Policy Terms and Conditions

Florida Health Connect 4.1.0 © 2019 MedicaSoft

1. Paj BYENVNI an bay posiblite ale sou “Ou blyie modpas ou?” anlè bouton **Koneksyon** an dirèkteman



2. Lè ou klike sou tèks “Ou blyie modpas ou?” a, w ap bezwen antre Non Itilizatè ou, epi klike sou bouton “Voye imel” la. W ap resevwa yon imel sou adres imel pèsonèl ou (menm sa ou te itilize pou w enskri a) nan pwofil itilizatè Florida Health Connect ou.



3. W ap resevwa imel pi ba a nan bwat resepsyon w. (Verifye fichye SPAM ou si ou pa resevwa imel la nan kèk segonn.) Klike sou lyen “Chanje modpas kont” la.



Kesyon yo Poze Souvan

Change account password

no-reply@medicasoft.us <no-reply@medicasoft.us>

Ashley George

Monday, July 1, 2019 at 3:01 PM

[Show Details](#)

Hello ASHLEY GREEN,

In order to access your Florida Health Connect account, that has the username **testAshley1**, please follow this link and set up a new password:

[Change account password.](#)

Thank you!

4. Ekran “Chanje modpas” la ap pèmèt ou kreye yon nouvo modpas.

Modpas la dwe gen ant 6 a 20 karaktè ak yon lèt majiskil *pou pi piti* ak yon lèt miniskil ak yon chif.

A screenshot of a web-based 'Change password' form. The title 'Change password' is at the top left. The Florida Health logo is in the top right corner. Below the title are two input fields: 'New password' and 'Retype password', both with placeholder text '*****'. At the bottom right is a teal 'Submit' button.

REMAK: Sistèm nan kenbe tras 24 dènye modpas ou itilize yo, ou dwe chwazi yon nouvo modpas.

A screenshot of the same 'Change password' form, but with an error message displayed. The message reads: 'An error has occurred! 422 Unprocessable Entity: Pasword is invalid or the new password is the same as one of the previous.' The 'Submit' button is visible at the bottom right.



Kesyon yo Poze Souvan


1.7 Mwen blyie non itilizatè m. Kòman m ka rekipere l?

Paj BYENVNI an bay posiblite ale sou “Ou blyie non w?” anlè bouton Koneksyon an dirèkteman.



1. Lè ou klike sou “Ou blyie non itilizatè w?” w ap bezwen antre adrès imel ou te enskri nan pwofil itilizatè Florida Health Connect ou a. Klike sou bouton “Voye imel” la epi w ap resevwa yon imel sou kont imel pèsonèl ou.

Remak: Si ou blyie adrès imel ou te itilize pou w aktive kont ou an, klike sou bouton “Kontakte nou” an pou pèsonèl Sèvis Èd la ka asiste w.



2. Ale sou kont imel pèsonèl ou a pou wè repons no-reply@medicasoft.us la.

Account information



no-reply@medicasoft.us <no-reply@medicasoft.us>
 Ashley George
Monday, July 1, 2019 at 5:10 PM
[Show Details](#)

Your Florida Health Connect username is: TomBrownTest

Fòmasyon Pasyan

1.8 Ki itilite chan rechèch Fòmasyon Pasyan an?



Kesyon yo Poze Souvan

Envitasyon pou Fòmasyon Pasyan an disponib sou pifò ekran Florida Health Connect yo. Ou ka tape yon sijè pou yon pwoblèm, yon medikaman, yon operasyon, yon tès ak plis ankò. Lè gen dokimantasyon ki gen lisans Wolters-Kluwer Lexicomp, yon sèvis referans nan endistri famasetik la, motè rechèch la ap l retounen l ba ou.

The screenshot shows the Florida Health Connect dashboard. At the top right is a search bar containing the text "Fè Rechèch sou Fòmasyon Pasyan an". A red box highlights this search bar. Below the search bar are several buttons: "Paramèt", "LUIS", a question mark icon, an exclamation mark icon, and a "Rechèch" button. On the left side, there's a sidebar with icons for "Tablo d bò m", "Kalandrye", "Pwofil Sante", "Fichye Sante M", and "Mesa Mwen". The main area has a header "Istorik" and a toolbar with buttons for "1j", "1s", "1m", "3m", "1a", "Tout", "Kilyantèl", "jodi a", "Tout", "Pèsonèl", "Lòt Itilizatè", "Tout", "Li", "Chanjman", and "VDT".

i Ikòn enfòmasyon an () ap itilize enfòmasyon nan menm sous done sou Fòmasyon Pasyan an pou bay lòt enfòmasyon ki gen rapò ak eleman ki nan kont ou yo.

This screenshot shows a detailed view of a medical record. At the top is a search bar with "Fè Rechèch sou Fòmasyon Pasyan an" and a "Rechèch" button. Below the search bar is a table with columns: Alèji, Tansyon, Plan Swen, Kondisyon, Aparèy, Egzésis, Istorik Famillyal, Objektif, Rit Kadyak, Pwoblèm Sante, Vaksen, Rezita Labo, and Medikaman. The "Operasyon" row is selected. The sidebar on the left includes icons for "Tablo d bò m", "Kalandrye Medikal", "Pwofil Sante", "Fichye Sante M", and "Mesa Mwen". The main content area shows an "Alèji" section with a table for "Sibstans" (Penicillin V), "Reyakson" (Dat 06/05/2018, Pozisyon Aktif), and a "Fòmasyon Pasyan an" section. A red circle highlights the "Fòmasyon Pasyan an" section.

1.9 Kòman dokiman sou Fòmasyon Pasyan an ye?

Ou ka al gade dokiman an sou entènèt, anrejistre l, oswa enprime l pou li kapab itil ou.

This screenshot shows a Lexicomp Webservices search result for "Penicillin V Potassium". The page title is "Fòmasyon Pasyan an". The search term "Lexicomp Webservices" is at the top. The main content area shows the drug name "Penicillin V Potassium", its pronunciation "(pen i SIL in vee poe TASS ee um)", brand names ("Canada"), and a list of generic names: "APO-Pen VK", "NOVO-Pen VK [DSC]", "NOVO-Pen-VK [DSC]", and "Pen-VK". Below this is a section titled "What is this drug used for?" with the note "It is used to treat or prevent bacterial infections."



Kesyon yo Poze Souvan

Inite Mezi

1.10 Kòman m ka chanje paramèt inite mezi yo (wotè/longè, pwa, ak tanperati)?

Nan ‘Paramèt’ ki nan kwen dwat anlè ekran Florida Health Connect ou a, ou kapab fè ale tounen ant:

The screenshot shows a window titled 'Paramèt' with a tab labeled 'Initi mezi pefere'. It contains three rows of units:

	cm	inch
Initi Wotè/Longè	cm	inch
Initi Pwa	kg	ounce
Initi Tanperati	°C	°F

Gadjèt Meteyo

1.11 Ki jewografi nou itilize pou gadjèt meteyo a?

Antre **kòd postal** nan **Pwofil Itilizatè** a defini enfòmasyon gadjèt tanperati a. Se Dark Sky ki bay enfòmasyon yo <https://darksky.net>

Ba Navigasyon

1.12 Ki tout gadjèt sa yo ki sou bò dwat ba navigasyon kont Florida Health Connect™ mwen an?

Gadjèt yo se: Tablo Kontwòl Mwen; Pwofil Sante; Fichye Sante M; Mesaj Mwen; Randevou M; Bagay pou Fè; Aplikasyon ak Aparèy Mwen; Kalandriye Swen; Sèvis Repètwa; ak Istorik

Tablo d Bò m

1.13 Ki itilite Tablo de Bò M nan?



Kesyon yo Poze Souvan



Se yon ekran itilizatè pèsonalizab ki pèmèt ou ale nan sa ki gen plis enpòtans pou ou:

- Tansyon
- Rit Kadyak
- Rit Respiratwa
- Medikaman
- Tanperati
- Alèji
- Rezulta Labo
- Kondisyon
- Fichye Sante
- Randevou
- Bagay pou Fè
- Somèy
- Egzèsis

Ou kapab konfigire Tablo de Bò M nan nan 'Paramèt', nan kwen dwat anlè ekran Florida Health Connect™ la. Seleksyon oswa deseleksyon Gadjèt ki pou afiche oswa ki pou pa afiche yo sou Tablo de Bò M ou an.

1.14 Kòman m ka jere Tablo de Bò M nan? Mwen pa ka jwenn gadjèt mwen.

Nan 'Paramèt' nan kwen dwat anlè ekran Florida Health Connect™ ou a, si ou deplase yon gadjèt soti nan kolòn disponib la ale nan vizib, sa ap afiche gadjèt la nan tablo d bò a.

Gadjèt disponib	Gadjèt vizib
	Rit Kadyak
	Tansyon
	Pwa
	Rezulta Labo
	Medikaman
	Alèji
	Kondisyon
	Tanperati



Kesyon yo Poze Souvan

Pwofil Sante

1.15 Ki itilite Pwofil Sante a?



Pwofil Sante a bay tout kategori done sou sante ou kapab antre sou kont Florida Health Connect ou a.

1.16 Ki diferan bagay mwen kapab fè avèk fichye sante m yo?

Si ou pase souri a sou yon liy nan gadjèt Fichye Sante mwen an, gen yon seri ikòn k ap parèt nan pati dwat ekran an ki pèmèt ou **Telechaje, Pataje, Chanje Non**, Efase oswa modifye **Pèmisyon** fichye sante w yo. Sonje si ou efase fichye sante w, l ap soti nan done tablo d bò ak pwofil kont ou an menm tan epi li p ap parèt nan afichaj detay ou yo ankò.

Fichye Sante M

1.17 Ki itilite Fichye Sante M nan?



Pwofil Sante M ofri w yon kote ou kapab konsève tout fichye sante w. Pwofesyonèl sante w la kapab voye pwofil sante a ba ou nan yon mesaj Dirèk oswa ou ka telechaje l nan zòn sa a.



Kesyon yo Poze Souvan

Fichye Sante M

Tit	Tip	Dat	Pozisy...
Patient-342_2018.xml	Summarization of Episode Note	05/10/2019 12:53 PM	Aktif
Patient-341_2018.xml	Summarization of Episode Note	05/10/2019 12:52 PM	Aktif

Mesaj Mwen

1.18 Ki itilite Mesaj Mwen?



Mesaj Mwen se yon sistèm mesajri elektwonik pou voye epi resevwa mesaj Dirèk.

Mesaj

Bwat Resepsyon	Apati/Nan	Sijè	Dat
Ale			
Draf			
Achiv			
Kontak			

Imel Pèsonèl

1.19 Kòman m ka voye mesaj bay kont imel pèsonèl mwen sou Florida Health Connect?

Fonksyon Mesaj Mwen nan aplikasyon Florida Health Connect la pèmèt komunikasyon ant moun ak sistèm ki gen kont Mesajri Dirèk sèlman. Mesajri Dirèk la se yon fòma ki pèmèt ou transmèt done ki bay pasyan yon mwayen senp, sekirize, varyab, ki baze sou estanda pou voye enfòmasyon sante otantifye kode bay moun ou konnen epi ou fè konfyans sou entènèt dirèkteman.



Kesyon yo Poze Souvan

W ap jwenn adrès mesajri Dirèk ou a nan Pwofil Itilizatè w la nan "Adrès imel sekirize". Ou kapab pataje adrès sa a ak pwofesyonèl swen ou pou yo voye mesaj Dirèk sou kont Florida Health Connect ou an tout sekirite. Se sistèm Florida Health Connect la ki kreye adrès sa a, li pa ka modifye.

Kontak

1.20 Èske m ka enpòte kontak kont imel pèsonèl mwen yo voye yo sou kont Florida Health Connect mwen?

Fonksyon enpòtasyon an pa egziste paske se adrès mesajri Dirèk ki gen posibilité voye/resevwa mesaj nan sistèm Mesaj Florida Health Connect la sèlman.

Ou kapab antre oswa kopye/kole adrès yon mesajri Dirèk màyèlman; fòma a se non itilizatè@direct.fdh.medicsoft.us.

1.21 Ki sa sa vle di lè yon mesaj "Trete" epi/oswa "Livre"?

Trete = sèvè Florida Health Connect SMTP a resevwa mesaj la, li dekode l, li valide siyati a, epi li verifye si moun ki voye mesaj la fè pati lis patnè ki fyab. Sa vle di patnè a echanje sètifikasi ak Florida Health Connect ki se yon mwayen pou sekirize komunikasyon ant pasyan (moun ki voye mesaj la) ak sèvè a (reseptè).

Livre = sèvè a livre mesaj la nan bwat resepsyon moun li te dwe resevwa l la. Konfirmasyon sa a di moun ki voye mesaj la mesaj la ak pyès jwent rive nan destinasyon.



Kesyon yo Poze Souvan

Echwe = espesifikasyon (règ) Dirèk egzije pou voye yon notifiksyon “echwe” bay moun ki voye mesaj si mesaj la pa rive jwenn moun ki dwe resevwa l la.

1.22 Kòman m ka netwaye Bwat Resepsyon Mesaj Mwen?

Klike sou ikòn Achiv la pou w pa wè mesaj ankò. Tout mesaj ou resevwa konsève nan kont Health Connect Mwen w la pou w ka wè mesaj sa yo apre.

Bwat Resepsyon	Pou	Sijè	Dat	Achiv
Ale	Orange County (FloridaDOHinOrange@fdohhms.org)	Schedule Appointment	06/28/2019 10:48 AM	
Draf	Orange County (FloridaDOHinOrange@fdohhms.org)	Dr. John Question	06/28/2019 09:52 AM	
Achiv				

Mesaj ou archive ale nan pwòp fichye Achiv pa w ka itilize yo alavni. Mesaj yo pa janm efase. Ou kapab klike sou fichye Achiv la pou afiche mesaj sa yo jan ekran pi ba a montre sa.

Reseptè	Sijè	Dat
Apati/Nan:LUIS SUAREZ (LuisHealth@direcct.fdh.medicasoft.us)	Refill Prescription	06/28/2019 10:48 AM
Pou:Orange County (FloridaDOHinOrange@fdohhms.org)		

Randevou Mwen

1.23 Ki itilite Randevou Mwen?



Se yon zouti ki pèmèt ou kontwole randevou medikal ou.



Kesyon yo Poze Souvan

1.24 Kòman m ka ajoute randevou nan kalandriye m nan Florida Health Connect?

- Chwazi bouton Ajoute nan ba navigasyon adwat anlè a, jan nou montre l pi ba a.
- Ranpli chan pou Randevou a. Itilizatè yo gen posiblite pwogramme yon rapèl pou pwofite de meni dewoulan nou montre pi ba a.

The screenshot shows the Florida Health Connect dashboard. On the left, there's a sidebar with various icons and links: Tablo d bò m, Kalandriye Medikal, Pwofil Sante, Fichye Sante M, Mesaj Mwen, Aplikasyon m ak Aparèly mwen, and Randevou mwén (which is highlighted with a red box). The main area is a calendar for October 2019. At the top right of the calendar, there's a button labeled "Ajoute" (Add) which is also highlighted with a red box. Other buttons like "Aktif" and "Tout" are visible above the calendar.

This screenshot shows the "Ajoute Randevou" (Add Appointment) dialog box overlaid on the calendar. The dialog has fields for Tit (Title), Lokalizyon (Location), Pratisyen (Provider), Dat (Date), Priyorite (Priority), Tip (Type), Deskripsyon (Description), Pozisyon (Position), and Raple m (Reminder). The "Raple m" field is open, showing a dropdown menu with options: Never, 1 hour before, 2 hours before, 4 hours before, 6 hours before, and 8 hours before. The "Never" option is selected.



Kesyon yo Poze Souvan

Tach

1.25 Ki itilite Tach?



Se yon zouti ki pèmèt ou kontwole aksyon ak aktivite pèsònèl ou.

1.26 Kòman m ka ajoute Bagay pou Fè nan kalandriye m nan Florida Health Connect?

3. Chwazi bouton Bagay pou Fè nan ba navigasyon adwat anlè a, jan nou montre l pi ba a.
4. Ranpli chan pou Bagay pou Fè. Itilizatè yo gen posibilité pou pwogramme yon rapèl pou pwofite de meni dewoulan nou montre pi ba a.

The screenshot shows the Florida Health Connect web application. On the left, there's a vertical sidebar with icons for various services: Tablo d bò m, Kalandriye Medikal, Pwofil Sante, Fichye Sante M, Mesaj Mwen, Aplikasyon m ak Aparèy mwen, and Randevou mwen. The 'Tach' icon is highlighted with a red box. The main area is titled 'Tach' and shows a monthly calendar for October 2019. The days of the week are labeled at the top: dim., lun., mard., mer., jeu., ven., sam. The dates from 29 to 31 are visible in the current month, with 1 through 5 for the following month. At the top right of the calendar, there are buttons for '?', '!', 'Paramèt', 'Rechêch', 'Aktif', 'Tout', 'Ajoute', 'jodi a', and navigation arrows. The 'Ajoute' button is also highlighted with a red box.



Kesyon yo Poze Souvan

Aplikasyon M ak Aparèy Mwen

1.27 Ki itilite Aplikasyon M ak Aparèy Mwen?



Nou mete senk (5) aparèy ak aplikasyon siveyans sante ki popilè nan aplikasyon Florida Health Connect™ la ki fèt pou itilize sou platfòm FITBIT® la; Withings; Apple Health; ak Samsung's S Health.

Chak fwa w ap ajoute yon aparèy, sa ka mande pou ou kreye yon kont kay founisè aparèy la avan ou etabli lyen ak kont ou an.

FITBIT® Platform

1.28 Kòman m ka etabli koneksyon kont FITBIT® mwen an?

1. Suiv enstriksyon pou enstale aplikasyon FITBIT la sou aparèy w ap itilize a.
<https://www.fitbit.com/setup>
2. Seleksyone gadjèt Aplikasyon M ak Aparèy Mwen.




Kesyon yo Poze Souvan

- Chwazi Fitbit nan ba seleksyon ki anlè a

The screenshot shows the Florida Health application's interface. On the left, there is a sidebar with various icons and labels: Tablo d bò m, Kalandriye Medikal, Pwofil Sante, Richeye Sante M, Mesaj Mwen, Aplikasyon m ak Aparély mwen (which is highlighted with a red box), and Randevou mwen. The main content area has a teal header bar with the Fitbit logo (highlighted with a red box), Withings, Apple Health, and S Health. Below the header, the Fitbit section is displayed with fields for Tip (All), Dat (Date), and Dat Fen (Date Filter). There is an Enpôte (Import) button. To the right, there is a 'Konekte ak kont Fitbit' (Connect to Fitbit) section with a 'Pozisyon:' (Position:) field containing 'OU konektele ak LuisHealth Kont Fitbit.' and a 'Dekonektele' (Disconnect) button. At the bottom, there is a table showing two entries: 'Dat Enpôtasyon' (Import Date), 'Dat Kesyon an' (Import Date), 'Tip' (Type), and 'Detay' (Details). The first entry is '10/01/2019 06:00 PM' and '10/01/2019' with 'Aktivite' type and '1 autre enpôte' detail. The second entry is '10/01/2019 05:57 PM' and '10/01/2019' with 'Aktivite' type and '1 autre enpôte' detail.


- Seleksyon bouton **Konekte** a pou ou konekte sou Kont Fitbit la
- Antre imel ak modpas ou te mete yo lè ou t ap kreye Kont Fitbit ou a.





Kesyon yo Poze Souvan

6. Lè ou konekte, y ap voye w nan Florida Health Connect epi mizajou estati ap parèt, jan ou wè l pi ba a.



1.29 Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon sou fonksyonalite FITBIT® la?

Ale sou paj èd aparèy ou a pou kapab jwenn plis enfòmasyon.

Istorik

1.30 Ki itilite Istorik la?



Li bay yon lis tout aktivite ki fèt sou kont ou an nan lòd kwonologik, ak posiblite pou wè lòt detay ankò sou aktivite a.

1.31 Ki itilite onglè Istorik la?

Onglè istorik la ba w enfòmasyon sou tout **Operasyon rechèch**, **Tip dokiman**, ak **Detay dokiman** ki reyalize sou kont ou an, ansanm ak yon dat ki asosye avèk yo.

- **Tip operasyon yo** se **Fè rechèch, Li**, epi **Enpòte**.
- Tip dokiman an genyen tout bagay soti nan rezulta Laboratwa rive Siy Vital.
- **Detay dokiman** montre konbyen rezulta rechèch ki retounen.

Nan egzamp nou montre sou ekran pi ba a, gen 9 rezulta ki afiche epi ou kapab itilize ikòn afichaj la pou w verifye yo ☺.



Kesyon yo Poze Souvan

The screenshot shows the Florida Health application's user interface. On the left is a vertical sidebar with icons for various services: Tablo d bō m, Kalandriye Medikal, Pwofil Sante, Fichye Sante M, Mesaj Mwen, Aplikasyon m ak Aparèy mwen, Randevou mwen, and Tach. The 'Istorik' icon is highlighted with a red box. The main content area has a header with search and filter buttons. Below is a table titled 'Istorik' showing a history of interactions:

Dat	Itilitazè	Operasyon	Aplikasyon	Tip dokiman	Detay dokima...
10/11/2019 03:01:12 PM	LuisHealth	Konekte/Konekson	phr-web	User	Successful login.
10/11/2019 02:59:35 PM	LuisHealth	Logout	phr-web	User	Successful log...
10/11/2019 02:58:50 PM	LuisHealth	read	phr-web	User	User: LuisHeal...
10/11/2019 02:58:50 PM	LuisHealth	read	phr-web	User	User: LuisHeal...
10/11/2019 02:52:56 PM	LuisHealth	search	phr-web	DocumentReference (Fichye Sant e)	Returned 3 res...
10/11/2019 02:52:10 PM	LuisHealth	read	phr-web	User	User: LuisHeal...
10/11/2019 02:52:10 PM	LuisHealth	read	phr-web	User	User: LuisHeal...
10/11/2019 02:51:26 PM	LuisHealth	search	phr-web	CommunicationRequest	Returned one ...
10/11/2019 02:50:50 PM	LuisHealth	search	phr-web	CommunicationRequest	Returned one ...
10/11/2019 02:50:33 PM	LuisHealth	read	phr-web	Patient	SUAREZ, LUIS



Kesyon yo Poze Souvan

Ajou: 10/7/2019

Istorik Revizyon	
10/7/19	Paj 8, Seksyon 1.6
10/11/19	Added screenshots